

Rezime Pwogram Tit I an

Pwogram Tit I an gen ladann:

- Anseyman ki mache byen
- Opòtinite Aprantisaj pou Pwofesè yo
- Patisipasyon Paran yo

Gen Etid ki montre plis paran patisipe nan edikasyon pitit yo se plis pitit yo gen siksè nan lekòl la.

Objektif Pwogram Patisipasyon Paran Tit I yo se bay Fasilitatè Patisipasyon Paran Lekòl la enfòmasyon, materyèl ak sipò k'ap pèmèt yo sipòte paran yo nan lekòl la. Se travay Fasilitatè yo pou yo bay paran yo zouti ak sipò nesèsè k'ap pèmèt yo ede pitit yo lakay yo. Chak moun k'ap travay ansanm nan fason sa a bay timoun nan meyè sipò posib pou li travay byen nan lekòl la.

Deklarasyon misyon Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a

Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri ak nan lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout posib li pou l bati BON JAN RELASYON ak paran yo, yon fason pou kreye angajman fanmi tout bon vre pou chak timoun, chak fanmi, chak pwofesè, chak jou.